

28 septanm 2021

Tania Reneaum

PansziSekretè

Egzekitif

Komisyon Entè-Ameriken sou Dwa Moun (Inter-American Commission on Human Rights) Washington, D.C.

Objè: Konfimasyon delegasyon pou yon deba tematik sou “Jan Endistri Min Aji sou Dwa Moun ak Tanperati a lan Karayib la,” 26 oktòb 2021 ki ap kòmanse a 2:00 è lan aprè-midi - 181èm rankont

Onorab Sekretè Egzekitif:

Nou ekriw pou nou fè w konnen moun nou non yo site pi ba a fè pati delegasyon nou an ki ap patisipe lan deba tematik lan sou “Jan Endistri Min Aji sou Dwa Moun ak Tanperati a lan Karayib la.”

1. Malene Alleyne, Freedom Imaginaries (Jamayik)
2. Esther Figueroa, Vagabond Media (Jamayik)
3. Samuel Nesner, Ansyen chèf òganizatè, *Kolektif Jistis Min* (Ayiti)
4. Gary Aboud, Fishermen and Friends of the Sea (Trinidad ak Tobago)
5. Diane Christian-Simmons, Cocorite Fishing Association (Trinidad ak Tobago)
6. Kirk Murray, Fire Chief of North Abaco (Bahamas)
7. Immaculata Casimero, Founder, Wapichan Women’s Movement, South Rupununi (Guyana)
8. Janette Bulkan, Guyanese and Associate Professor, Faculty of Forestry, University of British Columbia (Guyana)

Nou ap bezwen yon moun pou tradwi Anglè-Kreyòl Ayisyen pou rankont sa.

Nou kole ak lèt sa yon rezime sou pwen ki pi enpòtan lan prezantasyon nou an. Nou tou pwofiteprezante w’ yon video Esther Figueroa fè sou jan endistri Boksit-Aliminyòm ki andedan Jamayik aji sou dwa ekonomik, sosyal, kiltirèl ak anvirònman, wap jwenn video sa lan: <https://drive.google.com/file/d/1hN9fp2byuMR4Zr1uvTm3MPSb2nqf7A8Q/view?usp=sharing>.

Anpil respè,

Malene Alleyne, LL.B,
LL.M Esther Figueroa, PhD

**Komisyon Entè-Ameriken sou Dwa
MounSeyans Tematik sou
Jan Endistri Min Aji sou Dwa Moun ak Tanperati a lan Karayib la
181èm Rankont
26 oktòb 2021**

**Moun yo ki pote plent lan:
Malene Alleyne (Freedom Imaginaries), Esther Figueroa, ak 83 lòt moun**

Rezime Deklarasyon Yo

Delegasyon an ap bay bon enfòmasyon sou jan endistri min aji dwa moun ak jan li kreye yon kriztanperati lan tout karayib la. Nou ap mete plis aksan sou sijè ekonomik, sosyal, kiltirèl ak anvirònman (ESKA), dwa fanm, Pitit-tè a, Pitit-Afriken yo, ak abitan ki rete lan mòm lan Karayib la; nou ap pran egzanp sou endistri Boksit-Alimina ki andedan Jamayik, endistri Min Metal ki andedan Giyan ak Ayiti, plis Endistri Gas Fosil andedan Giyan ak Trinidad ak Tobago. Nou ap tou prezante temwayaj sou jan siklòn Doriàn kraze a tè plat zile Abako ki andedan Bahamas pou montre ekzistans kriz tanperati a. Nou ap envite Komisyon an pou li mande tout leta ki lan Karayib la pou yo mete sou plas yon apwòch ki santre sou dwa moun ak tè lan pwogram developman rejyonan.

1. Yon Senp Kout Je sou Aktivite Ki ap Devlope lan Sektè Min lan Karayib la

Twaka ekonomi lan Karayib la konte sou fouye tè anpil pou retire min ki lan tè yo-san konte idwokabiran (gaz ak petwoleòm), metal ak mineral (kòm lò, boksit, aliminyòm), debwasman, pèch, ak prodwi agrikòl-tout pou voye lan lòt peyi. Biznis ki ap fè ti fouy ak pa twò gwo fouy-espesyalman pou lò, jwe yon gwo wòl lan plizyè peyi. Lan dènye ane ki sot pase yo, nou wè travayfouye tè pou retire min grandi anpil lan rejyon an. Genyen plis moun ki ap fouye tè pou wè si yapjwenn gaz konbistib;travay fouye tè pou retire min pran anpil jarèt nan zòn kote ekoloji yo frajil anpil, tè sa yo se sou yo Pitit-tè a ak Pitit-Afriken rete.

2. Jan Endistri Fouye Tè pou Retire Min Aji Sou Dwa Ekonomik, Sosyal, Kiltirèl, akAnviròman (ESKA) lan Karayib la

Fouye tè pou retire min pandan anpil lane kraze anvirònman nan yon nivo ki mete vi moun nan gwo danje ki lakòz moun paka jwi dwa moun yo jan yo ta dwe a, san konte ESKA, lan Karayib la. Genyen nan danje sa yo : kriz chanjman tanperati ki mete vi moun ki ap viv kouniea ak tout jenerasyon ki ap vini an danje; kraze tout kalte vi nan nati a; kontamine ak fatra yon pakèt ekosistèmepòtan; Moun pa ka jwenn manje ak dlo jan yo te konn jwenn avan; plis vi abitan yo ak vi granparan yo pase piti a pitit yo preske disparèt.

A. Dwa pou Viv, Dwa Sante ak Dwa pou yon bèl Anvirònman

Endistri fouye tè pou retire min fè anpil dega sou anvirònman ki aji sou sante epi ki lakòz moun paka jwi dwa pou yo viv, dwa sante yo ak dwa pou yo genyen yon bèl anvirònman lan Karayib la. Li fè plis dega nan koze: dlo, li anpwazone lè pou moun respire a ak tè a; li fè moun fè kontak ak prodwi chimik; li lakòz debwasman, ak detwi vi zannimo lan bwa yo; li lakòz dlo ak zannimo baymoun plis maladi; maladi ki fè moun paka pran souf; maladi otoiminm; kansè; anpil ak yon pakètmaladi dlo ak lamanjay ki genyen pwazon bay; sa tou bay anpil ka malnitrisyon paske tè yo ki genyen pwazon yo pa ka reponn ak bezwen lamanjay ak dlo moun lan zòn yo.

Egzanp, nan **Jamayik**, Esther Figueroa, youn nan moun ki pote plent yo, anrejistre pwoblèm santemoun yo genyen akòz bwi ak pousyè ki soti lan Endistri Boksit-Aliminyòm lan, ki fè moun yo santi yo paka pran souf. Vye dlo ki soti nan sistèm Endistri Boksit-Aliminyòm lan sal rivyè yo, yon pwoblèm ki egziste depi lontan, ki tiye anpil kalte pwason ak tout lòt vi ki lan dlo, li aji sou dlo yo, plis li fòse moun ki konte sou dlo yo pou fè pèch ak soutni lòt bezwen yo kite zòn nan.

Nan **Trinidad ak Tobago**, Fishermen and Friends of the Sea, youn nan moun ki pote plent yo, anrejistre vye efè lwil ki koule nan lanmè a ak yon pakèt fatra ki nan lanmè a genyen sou anvirònmanak vi ki nan lanmè a. Egzanp, lan 2017, Bato 70 ki soti Point a Pierre Tank Farm vin genyen yon pakèt twou paske yo pat janm repare li, twou sa yo fè nenpòt 126,000 droum lwil koule nan lanmè Gulf Parya kote anpil moun panse lwil sa te kontamine lanmè a rive jouk nan Karayib la lan bò Meksik; li tou te kontamine yon bann lòt peyi kòm Venezwela ak ABC Zantiy Zèlandè. Yo pat janm te mennen moun ki te responsab zak ki te lakòz 377 droum lwil yo te anrejistre ki te koule nan lanmè a ant lane 2016 pou rive 2019 lajistis.

Nan **Giyàn**, fouye tè pou pran lò ki ap fèt andedan peyi a, fèt plis nan zòn kote Pitit-tè a yo rete. Fouye tè a pou pran lò yo kreye anpil pwoblèm pou anvirònman an ak sante moun, nan pwoblèm sa yo ou jwenn koupe pye bwa, tè a pedi fòs li, lanmè a genyen mwens pwason, ak bèt ki nan forèyo vin pa anpil. Kòm biznis ki piti ak sa ki pa trò gwo ap fouye lò sèvi ak mèki anpil, fè ou jwenn anpil mèki nan dlo nan rivyè yo ki montre jan fouye pou pran lò se yon pwoblèm pou anvirònman ak sante moun.

B. Dwa pou manje ak Dwa pou dlo

Nan Karayib la, anpil moun, spesyalman Pitit tè a, Pitit-Afriken yo ak Abitan nan mòn yo, mete espwa yo sou yon sistèm agrikilti ki deja ba anpil pou yo fè lajan ak pou yo viv. Sa ki pi mal la, anpil moun nan zòn sa yo pa jwenn dlo tiyo pou yo bwè, yo oblije al pran dlo rivyè, ranmase dlo lapli, oubyen achte boutèy dlo.

Nan sans sa, endistri min lan, ki kraze sous dlo yo ak ravaje tè pou plante, kreye ensekirite nan manje, ensekirite dlo, deranje lòt ekonomi agrikòl, anpwasonnen dlo yo epi yo sèvi ak anpil dlo pou travay min yo. Anvirònman vin pa bon poutèt aktivite min yo ki fè sous manje ak dlo ki te deja an danje vin pi mal nan moman kote pwoblèm tanperati a vle kraze tou de. Tout sa yo rive nanmoman kote COVID-19 fè mizè a vin pi di nan tout zòn Karayib.

Nan **Jamayik**, Endistry Boksit-Aluminiyòm lan ki genyen pase 70 lane fè retire yon pakèt zòn akkraze anpil tè ki te konnen bay manje. Endistry sa kontinye ap kraze jaden moun yo ak

kontamine dlo ki anba tè a ak lan rivyè yo, san yo pa respekte dwa pou Jamayiken manje ak dwapou yo bwè bon dlo.

Nan **Trinidad ak Tobago**, lwil ki koule nan lanmè ak fatra ki nan lanmè yo kreye yon gwo pwoblèm pou dwa moun ki nan zòn ki peche pwason pou yo jwenn manje ak dlo. Sondaj sismik yo tou fè anpil dega lan zòn kote moun yo peche pwason, moun yo di, ane ki vin aprè sondaj sismik sa yo, genyen ti kras pwason kote yo te konn jwenn anpil pwason.

Nan pati nò **Ayiti a**, kote leta bay plis dwa pou zafè min, twaka zòn sa yo konte sou yon sistèm agrikilti ki ba anpil pou yo viv. Nan zòn kote yo fouye tè a pou retire metal yo, abitan yo di travay sa yo kraze jaden yo. Endistri min nan gate tè abitan yo konn fè jaden, sa fè pwoblèm manje a ak pwoblèm dlo a vin pi mal nan moman kote pwoblèm tanperati fè abitan yo mal pouplante ak jwenn dlo pou sèvi.

C. Dwa Pou Moun Viv San Yo Pa Fòse Yo Kite Zòn Kote Yo Rete A

Dwa yo bay pou fouye tè a kreye anpil dezòd lan sosyete a, li fè derasinen abitan yo. Pwoblèm sa vin pi mal ak konpayi ki ap pran tè sou gwo ponyèt ki kraze jan abitan yo te konn viv ak fè yo santi yo kapab pran tè yo lè yo vle. Anplis, anpil moun lan Karayib la abite sou tè yo pitit an pitit san yo pa genyen papye tè yo jan lalwa mande a, tan sa espwa yo se sou tè sa yo li ye pou yo viv. Endistrimin nan fè li pi fasil pou yo fòse abitan yo kite zòn nan.

D. Dwa Pou Rekonèt Kilti W

Endistri min vyole dwa moun genyen pou rekonèt kilti yo paske li fòse yo kite jan yo te konn viv la pou endistri a kapab fè anpil pwofi, pi grandi ak sistèm ekonomi kapitalis la ki fòse moun genyenpwòp byen yo ak lòt fòs deyò. Sistèm developman sosyal ak ekonomik sa a ki fèt sou ideyoloji moun ki genyen plis pouvwa ak lajan; yon sistèm ki kraze jan moun yo te konn viv avan kote yo pataje tout sa yo genyen youn ak lòt menm jan, kit yo se pitit tè a oubyen pitit-Afriken, oubyen moun nan mòn. Tout sa moun yo te konnen lontan, tout sa yo te konnen fè ak sa granparan yo te kite pou yo preske pa la ankò paske yo wè yo kraze tout zòn yo, tout kote sakre yo, demanbre yo, ak kote zanzèt yo antere, dlo ak tè vin gate, lè moun yo respire a vin pa bon.

E. Dwa Nati A

Endistri min nan kraze anvirònman yo plat ak ideyoloji yo ak jan yo fouye tè a ki fè yo fin kraze tout forè yo, yo genyen pou lage bonm lan zòn yo, pou yo fouye tè yo, swa yo fè dlo yo pase lòt kote, oubyen yo retire yo nèt, yo kraze tout ekosistèm ki pat menm genyen pwoblèm. Endistri minlan touye tout kalte bèt ki menm kraze endistri pwason yo. Zòn yo bati yo rete rèd, jan yo chanje zòn nan yo ak tout dechè toksik yo ap rete nan tè nou pa konnen pou jouk ki lè.

3. Jan Endistri Min Vyole Dwa ESKA Pitit Tè a, Pitit-Afriken, ak Moun Lan Mòn Yo

IACHR deja kontwole jan Pitit tè a ak Moun ki fè yon tribi (“ITPS”) soufri anba endistri min nanlan Karayib la, kote lwa entènasyonal yo byen pwoteje yo. Men IACHR poko janm gade ki jan yoap pwoteje Pitit-Afriken yo ki ap viv lan zòn ki ta dwe pwoteje men jan ak moun ITPs yo, paske

yo genyen menm abitud konte sou tè yo pou yo viv sa vin rann fè yo kapab soufri akòz jan endistri min nan kraze anvirònman. Definisyon Deklarasyon Nasyonzini sou Dwa Moun Ki Ap Viv Nan Mòn rekonèt Zòn sa yo.¹

Ak endistri min nan, tout moun ki lan zòn sa yo—Pitit tè a, pitit-Afriken ak “Moun lan Mòn” yo—wè fen mond pa yo pou jan yo konte sou anvirònman natirèl yo pou kenbe kilti yo ak vi yo. Nou deja pale sou jan endistri min kraze sous dlo yo, tè pou plante, ak jan moun yo te abitye ak tè a lan tradisyon pa yo. Anplis, yo bay dwa konsakonsa pou yo travay min yo san yo pa bay konpayi yo papye tè yo ni yo pa fè apantaj yon fason pou moun yo lan zòn yo pa patisipe lan desisyon ki ap fèt pou bay dwa yo.

Egzanp, nan **Giyàn**, Pitit-tè a ap pran kou tout tan paske konpayi yo vyole dwa ESKA ak travay fouye tè pou lò yo a, kou sa yo genyen ladan yo: kote yo gate oubyen retire tè sakre, sous dlo, demanbre, forè, yo sal tout dlo, lè pou moun respire, ak tè pou plante; yo fòse moun yo dakò ak sistèm kilti yo, sistèm legal yo, ak sistèm ekonomik yo ki pa sèlman retire kilti pitit-tè a men yo vin fè lavi yo pi difisil; Moun ki soti lòt kote pou vin travay nan min yo oubyen nan biznis ki genyen rapò ak travay min; enfrakstrilti ak konstriksyon fèk fèt; travay fòse; pwofite jwi abitan yo; ak yonbann lòt pwoblèm sante kòm prezans pwason mèki ki wo anpil lan kèk kominote ou panse li fè pati zòn yo.

Nan **Jamayik**, zòn kote pitit-Afriken yo te rete yo-vin fè pati kote yap travay min boksit ak aliminyòm, ki fòse pitit-Afriken pedi tè yo pou yo al viv lòt kote, you pedi jan yo te konn viv, toutsa granparan te pase pitit a pitit ak jan Afriken yo te ye. Egzanp, Gibraltar lan St. Ann, te yon kotetè a te bay anpil manje, li se yon vilaj aprè Afriken yo te soti lan lesklavaj yo te kreye yo kilti dyaspora Afriken san pa melanje fonde sou mouvman konbit, fè jaden piti, ak “tè fanmi.” Nan Gibraltar, tout jan moun lan zòn yo batay pou yo fè kanpe zafè travay min boksit la, konpayi toujou ap travay min paske leta an fèmen ba yo yon jan espesyal (SML) 172, yap kontinye travay min nananba SML 173 ki deja yon bagay ki pa la ankò.

Nan **Trinidad ak Tobago**, lwil ak fatra ki tonbe nan lanmè a kraze aktivite moun ki ap peche pwason yo ak moun kote dlo rivyè, lanmè ak bò lanmè se tout vi yo.

4. Jan sa Aji sou Fanm

Kòm se plis gason ki travay nan endistri min nan, yo kreye yon kilti ki plis pou gason. Pandan se gason ki jwenn plis avantaj, fanm yo plis riske sou tout nivo sosyal, ekonomik, ak anvirònman. Pwoblèm tanperati a montre jan se fanm ki pi maltrete. Nan Karayib la, fanm ki pa genyen lajan ak fanm se yo sèl ki okipe kay yo se yo ki ap toujou viktim pwoblèm tanperati a. Fanm yo jwenn anpil chalè pou jwenn lòt jan pou fè lajan lè tan kraze jaden yo, oubyen yo oblije sèvi ak tè yo yon lòt fason, pa gen ase pwason pou vann epi pèdi tout sa yo te posede san konte pwoblèm yo oblije

¹ Atik 1(1) Deklarasyon Nasyonzini sou Dwa Moun Ki Ap Viv Lan Mòn di “yo moun ki ap viv lan mòn se yon moun ki pran responsabilite pou li travay pou kont li oubyen ak lòt moun, oubyen lan konbit pou fè prodwi agrikòl sou nivo ki ba anpil la swa pou yo viv oubyen pou yo vann; se moun ki konte anpil, men pa sèlman, sou fòs kouraj fanmi yo pou ede yo travay tè oubyen sou konbit ki pa genyen anyen poufè ak lajan, se tè a ki tout yo.

kite lakay yo ak chalè pou yo achte manje ak ale lopital. Malgre tout pwoblèm sa yo fanm yo jwenn, yo pa janm patisipe nan sa ki ap fèt yo lan zòn yo.

5. **Fason Fouye Tè Pou Retire Min Aji Sou Tanperati A.**

Tout syantifik yo dakò jan yo ap travay min yo se sa ki fè gaz kenbe zè enfrarouj ki soti nan tè ki lakòz genyen chanjman (anthropogenic) nan atmosfè a ki fè pwoblèm tanperati rive sou nou pi vit. Pwoblèm tanperati aji plis sou ti zile ki kòmanse devlope nan Karayib la ki fè nivo lanmè vin monte pi wo ak wè move tan pi souvan. Eta sa yo pa kapab jere tout pwoblèm chanjman anvirònman nan tanperati a pote, pwoblèm sa yo genyen ladan yo sous dlo ki ap depafini (overstressed water sources) ekosistèm yo ki vin pi fragil, san konte enstitisyon leta yo ki pa gen ase resous pou ede pèp yo lè move tan ap pase. Fouye tè pou retire min kraze bèt ki abitye viv menm lè tan an pa bonak tout ekosistèm ki konn pare vye kou chanjman lan tanperati a pote.

Zile **Abaco yo nan Bahamas** se kote w'ap jwenn pi bèl egzanzp jan de dega move tan kapab fè (natural disasters). Siklòn Doriàn, ki te yon kategori 5, frape zile Abako yo nan lane 2019 ak tèlman fòs ki fè leta Bahamas panse yo bezwen anpil lajan pou repare yo. Siklòn nan kraze a tè plat twaka kay oubyen bwote yo ale nan lanmè plis li kite yon bann ak yon pakèt moun san kote pou yo rete. Daprè leta, plis pase 70 moun mouri, men leta di tou chif yo bay la pa twò kòrèk paske genyen yon bann ak pakèt abitan san papye residans ki nwaye oubyen lanmè a pote ale. Genyen de lane depi siklòn Doriàn te ravaje zile Abaco yo, men moun lan zòn yo poko janm kapab fin pran kab yo.

W'ap jwenn yon bèl egzanzp an **Ayiti** tou kote jan kondisyon fizik zile a ak kondisyon sosyoekonomik li, kòm pwoblèm manje ak dlo, fè yo plis kapab viktim chanjman lan tanperati.

Malgre tout pwoblèm sa yo, **Giyàn** decide prodwi gas (fossil fuel production), ki mete anpil mounsou biskèt paske yo kwè vye gas ki kenbe enfrarouj yo pral vin plis, ki ap mennen plis chanjman lan tanperati ki pral fè plis mal a moun ki pi vilnerab yo, fanm, pitit-tè a, moun ki lan fè pèch, ak moun ki deja pa genyen lajan pou yo viv.

6. **Responsablite Leta**

Jan endistry min lan ap vale teren lan Karayib la, ak vyolasyon dwa moun ki konekte ak fouye tè pou pran min, vin pi fasil paske pa genyen bon jan lwa sou anvirònman san konte leta kowonpi ki pa janm mete moun lan zòn kote yo ye a nan anyen yap fè, ni yo pa bay moun zòn sa yo enfòmasyon, ni yo pa pèmèt yo pou yo ale lajistis lè yo fè yo mal. Lè w mete pwoblèm sa ki genyengenyen nèt la ak fason leta pa respekte dwa moun lan demokrasi yo a, ak lwa ki pa fin twò byen klè sou zafè min, se endistri min ki ap toujou pote viktwas sou pèp la, se sa ki kreye yon sistèm kote gen moun ki genyen ak lòt ki pa genyen di tou plis sa ki genyen yo fè sa yo vle snn leta pakadi yo anyen.

7. **Sa Nou Mande Komisyon an Pou Li Fè**

Nou mande Komisyon an pou li fè:

1. Reyafime dwa pou nou viv nan yon bon anviwonman se yon dwa pou tèt pa li, pou Komisyon an sèvi ak zouti li genyen yo (pwomosyon, siveyans, ak pwoteksyon) pou li pwoteje dwa pou moun viv nan yon bon anviwonman nan Karayib la, pou li sèvi ak sistèm pou kanpe yo avan yo aji.
2. Mete kèk bon mezi sou pye pou pwomosyon respè dwa abitan ak zòn yo rete yo.
3. Anrejistre nan rapò final ou tout pwen nou pale de yo pandan seyans lan, epi fè sòti yon nòt nan jounal yo sou kesyon pwoblèm fouye tè pou min bay lan Karayib la.

Nou mande Komisyon an pou li pale ak tout leta lan Karayib la pou yo:

1. Mete sou pye fason klè pou bloke tout aktivite ki ap pwoblèm tanperati a vin pi mal ak aktivite ki kapab fè moun paka jwi dwa moun yo, kòm fouye tè a pou idwogaz.
2. Respekte obligasyon yo pou yo pa kite anyen mal rive anviwonman an, espesyalman, obligasyon yo genyen pou yo gen kontwòl sou sa konpayi prive ap fè ki kapab aji sou dwamoun genyen pou yo genyen yo anviwonman ki an sante.
3. Mete sou pye bon jan mezi ki ap garanti pèp la jwenn bon enfòmasyon sou pwoblèm endistri min kreye; kite pèp la patisipe nan tout sa ki genyen pou wè ak anviwonman an; mete sou pye bon jan mekanism pou moun jwenn jistis pou anviwonman.
4. Ratifye epi aplike tout akò entènasyonal ki pwoteje anviwonman an, kòm akò ki bay dwa pou moun genyen enfòmasyon, Daw Pou Pèp Patrisipe ak Jwenn Jistis lan Tout sa Ki enplike anviwonman nan Amerik Latin lan ak Karayib la, ak tout lòt inisyatif ki mande pou moun wè je klè sa ki ap pase nan sektè min lan.
5. Asire tout lwa ki pase rekonèt dwa pou anviwonman, ekonomik, sosyal ak kiltirèl, dwa sayo dwe nan konstitisyon yo, tout lòt law, politik jeneral ak tout pwogram legal.
6. Vote bon lwa sou pwoblèm tanperati a ki tout kouvri dwa moun, ki fè fanm ak gason genyen menm dwa.
7. Mete sou pye bon jan enstitisyon, politik ak yon sistèm pou pwoteje moun ki ap bataykont konpayi ki ap travay min nan vye kondisyon.
8. Konsilte ak popilasyon pou yo dakò avan nenpòt aktivite ki kapab aji sou zòn kote Pitit-tè ak pitit-Afriken yo rete, pou abitan yo menm, jwenn fason pou yo patisipe san yo pa ba yo chalè ni pwoblèm.